**दिन–रविवार** **दिनांक–23.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्र भारतीय स्वतंत्रता संग्रामक तीन वीर क्रांतिकारी– शहीद–ए–आजम भगत सिंह, शिवराम राजगुरू आओर सुखदेव थापर के आइ श्रद्धांजलि देलक। देशक ई तीन वीर सपूत के वर्ष उनैत सय एकतीस मे आजुक दिन लाहौरक केन्द्रीय कारागार मे फांसी देल गेल छल। ई बहादुर स्वतंत्रता सेनानी सभ के लाहौर मे ब्रिटिश पुलिस अधिकारी जे.पी. सॉन्डर्सक हत्याक आरोप मे सतरह दिसंबर उनैस सय अठाईस कऽ मौतक सजा सुनाओल गेल छल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ शहीद दिवस पर ई तीनू स्वतंत्रता सेनानी सभ के श्रद्धांजलि देलनि। सोशल मीडिया पर एक वीडियो साझा करैत श्री मोदी ई क्रांतिकारी सभ के सर्वोच्च बलिदानक स्मरण कयलनि। ओ जनौलनि जे स्वतंत्रता आओर न्याय लेल क्रांतिकारी सभक अदम्य साहस आओर सर्वोच्च बलिदान देशवासी सभ के प्रेरित करैत रहत। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो कारगिल चौक लऽगक शहीद–ए–आजमक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ राजकीय समारोह मे श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

आइ प्रसिद्ध दार्शनिक आओर राजनेता राम मनोहर लोहियाक जयंती पर राष्ट्र हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे डॉक्टर लोहिया के दूरदर्शी नेता जनौलनि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटनाक कंकडबाग मे भेल समारोह मे डॉक्टर लोहिया के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि मौका पर विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, जल संसाधन आ संसदीय कार्य मंत्री जयकुमार चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोक सभ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह तीस मार्च कऽ गोपालगंज अयताह। केन्द्रीय गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय जनौलनि जे श्री शाह एक जनसभा के सेहो संबोधित करताह। श्री राय गोपालगंज मे अधिकारी सभक संग जा

कऽ स्थान देखलनि। कार्यक्रमक आयोजन निर्माणाधीन पुलिस लाईन मैदान मे कयल जायत।

——————————————————————

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह बांका मे जनौलनि जे केन्द्र आओर राज्य सरकार मिलि कऽ सदिखन बिहारक विकास कऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे विकासक मुद्दा पर चर्चा होयबाक चाही। गिरिराज सिंह आइ पूर्व सांसद जनार्दन यादवक कनिया सावित्री देवीक निधन पर हुनक घर पर श्रद्धांजलि अर्पित करबाक लेल गेल छलाह। संवाददाता सभ सँ ओ जनौलनि जे विकासक मुद्दा पर नीतीश कुमारक स्थान कियो नहि लऽ सकैत अछि।

——————————————————————

देश मे बिहार दिवस पर आइ दोसर दिन सेहो कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। मुख्य राजकीय समारोह पटनाक गांधी मैदान मे आयोजित कयल गेल अछि। जतय आइ कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रम भऽ रहल अछि।

——————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि मासक तीस तारीख कऽ आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय बीसम कड़ी होयत।  ई कार्यक्रम आकाशवाणी आओर दूरदर्शनक सभ नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार बेवसाईट आओर न्यूज ऑन ए.आई.आर मोबाईल ऐप पर प्रसारित होयत। मन की बात कार्यक्रमक प्रसारण प्रसार भारतीक ओटीटी प्लेटफॉर्म वेव्स पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। एकर शीघ्रहिं बाद मैथिली मे एकर प्रसारण आकाशवाणी दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। ई प्रसारण के पुनः राति आठ बजे सेहो सुनल जा सकैत अछि।

——————————————————————

बेगूसराय जिलाक नगर थाना क्षेत्रक नेशनल हाईवे– एकतीस पर आइ भोर एक चारिपहिया वाहन सड़क डिभाइडर सँ ठोकर लागि कऽ उनटि गेल। जाहि सँ दू भाई सहित चारि लोकक ठामहि मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि पांच आन घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पूर्वी आओर दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र मे बारिश भऽ सकैत अछि। चक्रवातीय परिसंचरनक क्षेत्र बनबाक कारण भागलपुर, बांका, जमुई, मुंगेर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा सहित कतेको क्षेत्र मे बारिश भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त